Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

PANDAN MWA PREVANSYON KONT SWISID LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO FÒMASYON SOU SANTE MANTAL POU SIPÒTE PREMYE ENTÈVENAN YO

Yon nouvo fòmasyon konsantre sou prevansyon suisid pami premye entèvenan yo ak obstak ki anpeche yo chèche tretman

Fòmasyon disponib kounye a pou pwofesyonèl sante mantal nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon nouvo fòmasyon sou entènèt pou pwofesyonèl sante mantal ki aktyèlman ap travay avèk oswa k ap konsidere travay avèk premye entèvenan yo tankou operatè 911 yo, fòs lòd la, teknisyen medikal ijans ak ponpye yo. Devlope pa Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Fòmasyon sou Sante Mantal ak Konsyantizasyon Kiltirèl pou Premye Entèvenan yo prezante kontni sou defi moun sa yo fè fas ak baryè yo ka rankontre pou tretman, lè yo sèvi avèk apèsi yo te jwenn nan Evalyasyon Bezwen sou Sante Mantal pou Premye Entèvenan nan Eta Nouyòk Gouvènè Hochul la, ki te gen ladan kontribisyon plis pase 6,000 pwofesyonèl ijans nan tout eta a.

"Premye entèvenan nan ka ijans yo wè bagay nan travay chak jou ke moun k ap fè lòt kalite travay ka sèlman imajine; li enpòtan anpil pou nou bay pi bon resous ak sipò posib, yon fason pou lòt moun ka ede yo pran swen tèt yo menm jan yo pran swen lòt moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwofesyonèl k ap bay sèvis pou moun ki pote premye sekou yo bezwen konprann konpleksite travay sa a, epi fòmasyon sa a pral jwe yon wòl enpòtan pou asire moun k ap pote sekou yo jwenn swen yo merite a. Kominote nou yo vin pi bon gras ak travay y ap fè a, epi nou dwe prezan pou nou sipòte yo."

Fòmasyon inèdtan sa a se pou pwofesyonèl sante mantal ki enterese nan travay ak premye sekouris yo epi li gen ladan videyo sou prevansyon swisid espesifik pou pwofesyon premye sekouris yo, ansanm ak senaryo ak egzèsis entèraktif. Modil yo gen ladan yo konpreyansyon travay premye sekouris yo, faktè risk ak pwoteksyon, baryè pou chèche swen, rekonesans ak evalyasyon ide swisid, ak estrateji pou entèvansyon entèmedyè ak swen kontinyèl.

Fòmasyon an konsantre sou prevansyon swisid, epi se dezyèm nan yon seri fòmasyon sou sante mantal ak konsyantizasyon kiltirèl pou premye entèvenan yo. Pwofesyonèl sante mantal ki konplete fòmasyon an ak siksè ka resevwa kredi fòmasyon kontinyèl.

Pou konplete fòmasyon sa a, inisyativ CARES UP Biwo Sante Mantal Eta a (Office of Mental Health, OMH) ap ofri yon seri seminè sou entènèt mwa sa a ki gen rapò ak prevansyon swisid. Sijè yo gen ladan sesyon ak entèvenan premye repons ki te rive fè fas ak panse swisid ak lòt defi avèk siksè.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Ian, Terry O'Leary, te deklare, "Premye entèvenan yo se poto mitan sekirite piblik la, e travay yo pote yon chay lou anpil nan nou p ap janm eksperimante. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li bay byennèt moun ki pote premye sekou yo priyorite; mwen remèsye tou Doktè Sullivan ak Biwo Sante Mantal la pou patenarya yo nan elimine obstak ki anpeche moun jwenn tretman ak nan retire prejije ki genyen lè yon moun ap chèche èd."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare, "Diminye estrès, devlope kapasite pou reziste ak soutni byennèt mantal se bagay ki enpòtan pou tout moun nan New York, men sitou pou premye entèvenan yo. Nouvo fòmasyon sa a, ansanm ak lòt inisyativ Eta a finanse, ap ede premye entèvenan yo rekonèt konsekans estrès ak twomatiz akimile ka genyen sou yo, epi ede ajans sa yo ankouraje yon pi gwo konsantrasyon sou swen pèsonèl. Konsantrasyon kontinyèl sa a reflete angajman Gouvènè Hochul genyen anvè byennèt mantal premye entèvenan yo ak fanmi yo."

Nan mwa fevriye 2025, Gouvènè Hochul te pibliye rezilta Evalyasyon Bezwen Sante Mantal Premye Entèvenan yo, li te note ke plis pase mwatye moun k ap travay nan domèn sekirite piblik fè eksperyans gwo nivo estrès, fatig pwofesyonèl ak pwoblèm sante mantal. Evalyasyon an te montre tou gen yon mank pwofesyonèl sante mantal ki konpetan nan domèn kiltirèl pou trete premye entèvenan yo nan ka ijans.

Fòmasyon an disponib kounye a sou sistèm jesyon aprantisaj DHSES ak OMH yo. Pwofesyonèl sante mantal ki fini fòmasyon an ap kalifye pou resevwa kredi fòmasyon kontinyèl.

Fòmasyon an fè pati efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou amelyore sante mantal ak byennèt premye entèvenan yo. Anplis Evalyasyon sou Bezwen Sante Mantal Premye Entèvenan nan Eta Nouyòk la, DHSES te pibliye Gid Pwogram Byennèt pou Premye Entèvenan yo (Responder Wellness Program Primer), yon resous enfòmatif ki la pou ede ajans sekirite piblik nan nivo eta ak nivo lokal yo devlope oswa amelyore pwogram byennèt pou entèvenan yo; yon videyo ki mete aksan sou bezwen espesifik premye entèvenan yo genyen nan domèn sante mantal; epi yon nouvo sitwèb ki dedye a sante mantal ak byennèt premye entèvenan yo.

Pwogram CARES UP la te ede 53 ajans sèvis ijans ranfòse efò prevansyon swisid ak pwogram byennèt, sa ki te gen yon enpak sou plis pase 33,000 moun ki entèvni an

premye nan ka ijans. Ajans lan travay kole ak Sant Prevansyon kont Swisid nan Nouyòk OMH la pou resevwa fòmasyon nan men ekspè nasyonal yo sou sijè tankou rezistans, sante mantal ak byennèt, prevansyon swisid ak sipò ant kanmarad epi aplike aksyon ki espesifik ak ajans yo pou adrese bezwen inik pa yo.

Nan debi mwa sa a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse piblikasyon Plan Daksyon Eta Nouyòk pou Prevansyon Swisid (New York State Roadmap for Suicide Prevention), nan objektif pou etabli yon apwòch konplè k ap sèvi kòm gid pou efò sa yo pandan senk ane k ap vini yo. Dokiman sa a, ki te pibliye nan okazyon Jounen Mondyal pou Prevansyon Swisid, gen ladan l twa gwo inisyativ—yon estrateji pou tout eta a ki fikse objektif ak bi pou prevansyon; Rapò Gwoup Travay sou Prevansyon Swisid la, ki gen rekòmandasyon pou diminye disparite pou gwoup ki pi vilnerab yo; epi yon plan daksyon ki detaye etap espesifik pou fè efò sa yo avanse.

Si ou menm oswa yon moun ou renmen bezwen sipò, OMH jere tou Liy Asistans 988 la kont Swisid ak Kriz (Suicide & Crisis Lifeline), ki konekte Nouyòkè yo ak konseye kriz ki resevwa fòmasyon 24 èdtan pa jou, 7 jou sou 7, ki ka ede nenpòt moun k ap panse ak swisid, k ap lite ak konsomasyon sibstans, k ap fè fas ak yon kriz sante mantal, oswa nenpòt lòt kalite detrès emosyonèl. Nouyòkè yo ka rele tou, voye mesaj tèks oswa tchat nan 988 si yo enkyete pou yon moun oswa kwè li ka bezwen sipò nan ka yon kriz.

Liy ijans 988 pou Swisid ak kriz Eta a pami liy ki pi aktif nan peyi a tou, li anrejistre plis pase 51,000 apèl an out sèlman – dezyèm jis apre Kalifòni. Liy ijans 988 pou Swisid ak kriz se youn nan inisyativ prensipal Gouvènè Hochul nan domèn sante mantal; li te menm rive jwenn plis pase 60 milyon dola pou finanse sèvis la, sa ki gen ladan l yon gwo kanpay sansibilizasyon piblik ki antre nan twazyèm ane li kounye a.

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Antanke Prezidan Komite Sante Mantal Sena a, mwen rekonèt ke fòmasyon sou sante mantal ka sove lavi. Se poutèt sa, depi lontan m ap sipòte fòmasyon sou sante mantal jèn yo ak inisyativ ki konsène sante mantal veteran yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li anonse yon nouvo fòmasyon anliy pou pwofesyonèl sante mantal k ap travay avèk premye entèvenan yo; konsa, y ap jwenn sipò ak swen pandan y ap travay pou pwoteje manm kominote nou an."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Premye entèvenan yo fè fas ak yon gwo presyon chak jou, epi lè yo chèche èd, yo bezwen yon pwofesyonèl nan domèn sante mantal ki konprann egzijans travay yo. Grasa enfòmasyon ak opinyon plis pase 6,000 Premye Entèvenan, nouvo fòmasyon sa a pral ede asire ke gen plis pwofesyonèl ki prepare pou sipòte moun k ap travay an premye liy yo. Gouvènè Hochul, dèske w priyorize sante mantal premye entèvenan yo."

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans
Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak sipò nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook DHSES la, swiv @NYSDHSES sou X, oswa vizite dhses.ny.gov.

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a. Aprann plis nant dhses.ny.gov/emergency-alerts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.